

# Mukakaro 2024 Vermont Flood Resources

## Inyishu ya Leta ya Vermont

- Ku magekenerezo ya 10 na 11 Mukakaro 2024, Vermont yarahuye n’umwuzure mu bibanza vyinshi mu ntara nyinshi.
- Kw’igenekerezo rya 10 Mukakaro, [Guvereneri yarongereje ivyerekeye umwuzure vyihutirwa vyo muri 2023 kugira ngo ashobore guhangana n’ikibazo c’imyuzuri iriho muri kino gihe.](#)
- State Emergency Operations Center (SEOC) iriko iratunganya inyishu ya Leta, kandi iriko irashigikira amakomine mu gihe ariko aratorera inyishu ibibazo vyihuta kandi akaba ariko araraba ingene ibintu vyosubira mu buryo.
- [Leta ya Vermont yarasavye](#) FEMA gusuzuma ivyononekaye kugira ngo hamenyekane nimba Vermont yujuje ibisabwa na Public Assistance Disaster Declaration. Isuzuma rizokorerwa mu ntara za Addison, Orleans, Washington, Caledoniya, Chittenden, Lamoille, Orange, na Essex.
- [Leta yasavye kandi ko](#) FEMA yosuzuma ivyononekaye kugira ngo hamenyekane nimba Vermont yujuje ibisabwa na Individual Assistance Disaster Declaration. Isuzuma rizokorerwa mu ntara za Washington na Caledoniya.

## Ni iki wokora mu gihe inzu canke amatungo vyawe vyononekaye

- **Ni muhanahane amakuru ku bintu bikenewe na serivisi vyihutirwa:**
  - Ku [buraro bwihutirwa](#), ibifungurwa canke izindi serivisi zo gufasha, hamagara kuri 211 mu gufyonza 2-1-1.
  - Ushaka ubufasha bw’amagara yo mu mutwe, hamagara kuri 988 mu gufyonza 9-8-8.
  - Ushaka uburusho bwerekeye ubushomeri, [genda ku rupapuro rwa Vermont Department of Labor Flood \(indimi nyinshi\)](#)
- **Kwandika ivyononekaye:** Birahambaye kwandika ivyononekaye ku mvo zibiri: 1) bizoba ingirakamaro uramutse utanze ikirego cerekeye ubwishingizi kandi 2) bizofasha Leta gusaba imfashanyo mu gihe c’ibiza. Hano munsu hariho impanuro zogufasha muri iki gikorwa:
  - Fata amafoto, amareresi, wongere wandike **imbere** yogutangura gusukura.
  - Fata amafoto, amareresi, wongere wandike mu gihe uriko urasukura.
  - Bika ivyemezo vy’amafaranga kugirango ukurikirane amafaranga yakoreshejwe mu gusukura.
- **Taha i muhira ufise isuku kandi wumutse:**
  - Kura mu nzu yawe ibikoresho vyose bitose hanyuma wimure imyanda yose yaturutse ku myuzure
  - Ugurura amadirisha n’imiryango.
  - Koresha ivyuma bitanga umuyaga hamwe n’ibikura ubukanye nimba ata kibazo biteye.
  - Shira imyanda yaturutse ku mwuzure gushika ku mpande z’inzira rusangi. Abayobozi ba Leta n’inzego zo hasi muri kino gihe bariko barategura indinganizo zo kuyikuraho. Shira ku ruhanda ibikoresho bishobora gutera ingorane kugira ngo bizokurweho hanyuma.

- **Menyesha ivyononekaye:**
  - Vugana n’ishirahamwe ryawe ry’ubwishingizi.
  - Menyesha ivyononekaye vyose, naho woba utariko uratanga ikirego c’ubwishingizi, kuri Vermont 211. Urashobora kubimenyesha ku buhinga ngurukanabumenyi mu kugenda kuri [www.vermont211.org](http://www.vermont211.org). Koresha “[urupapuro rw’abahaba](#)” canke “[ikarata y’akazi](#)” hejuru ku rupapuro kugira umenyeshye ivyononekaye. Urashobora kandi kumenyesha ivyononekaye kuri terefone ukoresheje 2-1-1.
  - Naho woba ufise ivyononekaye bike, urasabwe kubimenyesha kuri 211. Kugira ngo wemererwe kuronka imfashanyo ya Leta y’umuntu ku giti ciwe, hariho urugero rw’ivyononekaye dutegerezwa gushikira, gutyo rero ni ngombwa kwegerenya amakuru menshi ashoboka.
- **Urakeneye gufashwa gusukura?** Abantu baba i Vermont barashobora guhamara ku murongo utariha wa Crisis Cleanup Hotline kugirango basabe ubufasha bw’abakorerebushake no gufasha gusukura imyanda, gusukura mu mazu yo mu kuzimu, canke ibindi bikorwa vyo gusubiza ibintu mu buryo. Hamagara Crisis Cleanup Hotline kuri 802-242-2054.
- **Gufata neza imyanda:** Mu gihe co gukora isuku, tandukanya imyanda hanyuma uyisige ku mpaande z’ibarabara kugira igisagara kize kubikuraho. Shira ku ruhande ibikoresho bishobora gutera ingorane kugira ngo bizokurweho hanyuma. [Genda ku rupapuro rwa Agency of Natural Resources’ Flood](#) ku yandi mabwirizwa y’ingene wosukura ivyaturutse ku mwuzure.
- **Ku bworozi:** Raba [ayandi mabwirizwa yerekeye aborozi](#) ku rupapuro rwa [Agency of Agriculture’s Flood](#).
- **Gumana umutekano:** Kurikiza amabwirizwa y’umutekano mu gusubira i muhira, gusukura, hamwe n’impanuro muri rusangi z’umutekano inyuma y’umwuzuri. Hano munsu hariho aho wokura amakuru.

## Ni iki abayobozi b’ibisagara n’amakomine bateregerezwa gukora

Kugira ngo babandanye gusanura inyubakwa za Leta, kwandika neza ibiciro, no gufata amasanamu y’ingene ibintu biriko birakorwa. Mu gihe Leta yokwemeza itangazo ryerekeye ibiza, uzosubizwa ku vyakozwe no gusubira gutoha.

Ku vyerekeye ayandi makuru [genda ku rupapuro rwa Vermont Emergency Management’s 2024 Flood Recovery](#).

## Amakuru yerekeye kwugara amabarabara

- Isoko ryizewe ry’amakuru agezweho yerekeye kwugara amabarabara manini ya Leta n’amabarabara ahuze ama Leta ni [New England 511 website](#). Agency of Transportation iza irashira ku gihe runo rubuga ikibiriraho.
- Ku makuru yerekeye kwugara amabarabara yaho uba, koresha umughora wa Waze.

## Amabwirizwa y’umutekano inyuma y’umwuzure

- [Department of Health](#): Menya ingene [usubira i muhira canke mu matungo yawe mu mutekano](#), [pima amazi yawe](#) hamwe no [gusukura](#) inyuma y’umwuzuri.

- [Agency of Natural Resources](#): Menya ingene [usukura no guta ibikoresho mu mutekano](#), [kuronka amazi meza yo kunywa](#), [gusubiramwo](#), n’ibindi.
- [Agency of Agriculture](#): Rondera impanuro z’umutekano werekeye ubucuruzi bujanye no kurima harimwo [ibijanye n’amata](#), [abahingura inyama n’ibitungwa biguruka](#), [abarimyi](#), [abarimyi b’imboga](#), n’ibindi.

## Uburyo bwo gufasha

- Usahaka kwitanga mu gusukura, genda kuri [www.vermont.gov/volunteer](http://www.vermont.gov/volunteer).
- Tanga amafaranga yo gufasha abahuye n’imyuzuri uciye kuri Vermont Community Foundation’s [Vermont Flood Response and Recovery Fund](#).
- Ibigo n’amashirahamwe bishaka gutanga igice kinini c’imfashanyo barashobora guhamagara kuri 888-653-7715 canke agasandugu ngurukanabumenyi [donations@vermont.gov](mailto:donations@vermont.gov).
- Ibibanza vyinshi abantu babamwo birafise abakorerabushake bo mu kibano, raba rero urubuga rw’igisagara cawe canke igisagara gitoya cawe kugirango uronke ayandi mahirwe.

## Imihora yihuta

Translated Flood Resources - [vem.vermont.gov/flood/translation](http://vem.vermont.gov/flood/translation)

Vermont Emergency Management – [vem.vermont.gov/flood](http://vem.vermont.gov/flood)

Vermont Department of Health - [healthvermont.gov/flood](http://healthvermont.gov/flood)

Agency of Natural Resources - [anr.vermont.gov/flood](http://anr.vermont.gov/flood)

Agency of Commerce and Community Development - [accd.vermont.gov/flood](http://accd.vermont.gov/flood)

Vermont Department of Labor - [labor.vermont.gov/flood-safety-resources](http://labor.vermont.gov/flood-safety-resources)

Agency of Agriculture - [agriculture.vermont.gov/flood](http://agriculture.vermont.gov/flood)

Department of Mental Health - [mentalhealth.vermont.gov/flood](http://mentalhealth.vermont.gov/flood)

Volunteer for Storm Recovery - [vermont.gov/volunteer](http://vermont.gov/volunteer)